

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Lokasi Panalungtikan

##### 3.1.1 Lokasi Géografis Kabupatén Subang

Kabupatén Subang jeung wates daérahna diatur dina Undang-undang nomer 4 taun 1968. Eusi undang-undangna ngeunaan pembentukan Kabupatén Purwakarta jeung Kabupatén Subang, ku cara ngarobah undang-undang nomer 14 taun 1950 ngeunaan pembentukan daérah kabupatén di Jawa Barat. Undang-undang nomer 4 taun 1968 ditetepkeun tanggal 29 Juni 1968 jeung diasupkeun kana *Lembaran Negara Republik Indonesia* taun 1968 nomer 31 (Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Kabupatén Subang: 1980: 2).

Nurutkeun Meinanda jeung Rudiono (2008: 1-2), Kabupatén Subang aya di daérah tatar Sunda nu pernahna aya dina posisi 107° 31 – 107° 59 Bujur Timur jeung 6° 11 – 6° 49 Lintang Selatan. Kabupatén Subang aya dina tilu zona géografi jeung topografi, nya éta:

- 1) Dataran luhur nu pernahna 500 – 1.500 méter ti permukaan laut nu lega wilayahna 20% ti sakabéhna;
- 2) Wilayah darat nu luhurna 50 – 500 méter, 34,85% wilayah ti lega wilayahna; jeung
- 3) Zona pesisir pantai jeung laut nu luhurna 0 – 50 méter sarta lega wilayahna 45,15%.

Kabupatén Subang boga iklim nu béda-béda jeung boga poténsi sumber kekayaan nu macem-macem luyu jeung poténsi iklim di masing-masing zona. Di zona pegunungan contona hirup macam-macam flora jeung fauna nu bisa dimekarkeun pikeun kabutuhan manusa.


Di zona dataran dipelakan paré pikeun kabutuhan masarakat ti mimiti masarakat lokal nepi ka nasional. Wilayah dataran dipaké pikeun daérah pertanian. Paré mangrupa soko guru perekonomian masarakat nu geus kauji ti kurun waktu nu geus lila salaku basis ketahanan pangan ti mimiti jaman Mataram nepi ka kiwari.

Zona pesisir laut mangrupa daérah anu beunghar poténsi alamna. Poténsi alam nu aya di zona pesisir nya éta lobana lauk bisa dimangpaatkeun pikeun karaharjaan masarakatna jeung éta wilayah bisa dijadikeun objék pariwisata.

Lega wilayah Kabupatén Subang nya éta 205.176,95 ha atawa kurang leuwih 6, 43% tina legana wilayah Jawa Barat. Anapon wates Kabupatén Subang nya éta:

- Beulah kidul: Kabupatén Bandung Barat;
- Beulah kulon: Kabupatén Purwakarta;
- Beulah wetan: Kabupatén Sumedang jeung Kabupatén Indramayu; jeung
- Beulah kalér: laut Jawa.

Nurutkeun Meinanda jeung Rudiono (2008: 8), Kabupatén Subang aya 30 Kacamatan nya éta Kacamatan Subang, Kacamatan Cijambé, Kacamatan Cibogo, Kacamatan Jalancagak, Kacamatan Sérangpanjang, Kacamatan Sagalahérang, Kacamatan Cislak, Kacamatan Kasomalang, Kacamatan Ciater, Kacamatan Tanjungsiang, Kacamatan Pagadén Barat, Kacamatan Pagadén, Kacamatan Binong, Kacamatan Compréng, Kacamatan Cipunagara, Kacamatan Pusakanagara, Kacamatan Pamanukan, Kacamatan Legon Kulon, Kacamatan Blanakan, Kacamatan Ciasem, Kacamatan Patokbeusi, Kacamatan Pabuaran, Kacamatan Cikaum, Kacamatan Purwadadi, Kacamatan Kalijati, Kacamatan Cipeundeuy jeung Kacamatan Dawuan (Meinanda jeung Rudiono, 2008: 8).



Gambar 3.1 Peta Kabupatén Subang


Tempat ieu panalungtikan nya éta di Padépokan Gembyung Buhun Dangiang Dongdo Subang nu pernahna di komplék BTN Pondok Gedé Blok B.44 Kalurahan Dangdeur Kacamatan Subang Kabupatén Subang.

### 3.1.1.1 Kalurahan Dangdeur

Kalurahan Dangdeur nya éta salasahiji kalurahan nu aya di Kacamatan Subang. Masarakat di Kacamatan Subang aya 13.381 jalma, nu ngawengku 6.767 lalaki jeung 6.614 awéwé. Lamun ditilik tina struktur penduduk di Kalurahan Dangdeur pakasaban nu panglobana nya éta patani. Wates Kalurahan Dangdeur nya éta:

- Beulah kalér: Désa Cidahu Kecamatan Pagaden Barat;
- Beulah kidul: Kalurahan Parung Kecamatan Subang;
- Beulah wétan: Kalurahan Cigadung Kecamatan Subang; jeung
- Beulah kulon: Désa Sukasari Kecamatan Dawuan.

Sistem budaya di Kabupatén Subang macem-macem, nya éta aya kesenian tradisional, upacara tradisonal, téknologi tradisional, kaulinan barudak, dongéng, jeung sistem ékonomi tradisional. Kesenian tradisional contona: sisingaan, toléat, genjring bonyok, gembyung, topéng jati (topeng ménor), jrrd. Upacara tradisional contona: ruatan bumi, upacara mapag Dewi Sri, upacara nadran, mandi konéng, ngabeungkat (hajat cai), jrrd. Téknologi tradisional contona: nyieun gula kawung, panday besi, wuluku, jrrd. Kaulinan barudak contona: kolécér, prangpring, galah asin, hong hongan, cacaburangé, pérépét jéngkol, pat pat kolépat, paciwit-ciwit lutung, éncrak, oray-orayan, jrrd. Dongéng nu aya di Kabupatén Subang nya éta Ki Lapidin. Sistem ekonomi tradisonal masarakatna nya éta ngahuma (dina Agustini, 2012: 20).



Gambar 3.2 Peta Kalurahan Dangdeur

### 3.1.2 Data Administratif

#### 3.1.2.1 Penduduk

Nurutkeun Meinanda jeung Rudiono (2008: 15) penduduk Kabupatén Subang taun 2008 aya 1.379.534 urang anu komposisina 698.077 lalaki jeung 681.457 awéwé. Tingkat kepadatan penduduk 672,37 jiwa per km<sup>2</sup> jeung Kacamatan nu panglobana penduduk aya di Kacamatan Subang nu angkana 1.438,28 jiwa per km<sup>2</sup>, disusul Pamanukan 1.075,02 jiwa per km<sup>2</sup>. Kacamatan Legon Kulon mangrupa daérah nu paling saeutik tingkat kepadatan pendudukna nya éta 348,70 jiwa per km<sup>2</sup>.

Masyarakat Subang ngawengku tilu étnis, nya éta Sunda, Jawa, jeung Cina. Urang Sunda mangrupa masyarakat mayoritas anu perenahna di daérah pagunungan nya éta Kacamatan Jalancagak, Sagalahérang, Cislak, Tanjungsari, Kasomalang, Ciater, Cijambé, Subang kota, jeung Sérang Panjang. Étnis Jawa aya tapi mangrupa masyarakat turunan Mataram anu cicingna di daérah kalér. Étnis Jawa mangrupa *blasteran* Banten jeung Cirebon lantaran basa anu dipakéna nya éta Jawa, Banten, jeung Cirebonan. Étnis Cina disebut étnis minoritas kulantaran

cicingna ngan saukur di sababaraha Kacamatan, nya éta Pamanukan, Ciasem, Pusakanagara, jeung Subang kota (Meinanda jeung Rudiono, 2008: 15).

### 3.1.2.2 Ékonomi

Kabupatén Subang mangrupa wilayah nu agraris, lantaran sawaréh legana wilayah Subang nya éta 84.710.000 héktar dipaké pikeun tatanén (Rudiono, 2008:9). Daérah pertanian leuwih lega dibandingkeun jeung daérah nonpertanian. Ieu hal némbongkeun yén pakasaban masarakat Subang lolobana patani. Nurutkeun wilayah géografi jeung topografina, pakasaban masarakat Subang nya éta patani, supir, PNS, pagawé kantor, buruh, pamayang, jeung jasa.

Sub séktor tatanén boga peran strategis dina ngaronjatkeun pangwangunan di masarakat jeung ngaronjatkeun ékonomi masarakat Subang. Lian ti tatanén, lahan nu séjénna dipaké pikeun lahan *perkebunan*. *Perkebunan* nu disahkeun ku PTPN VIII nya éta *Perkebunan Téh Tambak Sari*, *Perkebunan Téh Ciater*, *Perkebunan Karét Wangunreja*, *Perkebunan Karét Jalupang*, jeung *Perkebunan Tebu Pasirbungur*. *Perkebunan* miboga kalungguhan nu penting dina ékonomi masarakat Subang boh di tingkat lokal boh di tingkat nasional. Di tingkat lokal *perkebunan* méré tempat gawé pikeun masarakat, sedengkeun di tingkat nasional hasil *perkebunan* ngadatangkeun *devisa* pikeun nagara, lantaran produk téh, karét, coklat, jeung tiwu dijual ka pasar internasional pikeun nyumponan kabutuhan di jero nagri. *Perkebunan* masarakatna ogé ngahasilkeun rupa-rupa bungbuahan, nya éta: ganas, kadu, manggu, rambutan, jrrd. Poténsi séjénna nu boga ajén luhur dina ékonomi nya éta *perikanan*, lantaran Kabupatén Subang boga wilayah *perairan*. Poténsi séktor *perikanan* can dimangpaatkeun sacara bener. Ieu hal katitén tina cara ngolah séktor *perikanan* masih maké cara tradisional. Ku kituna, séktor *perikanan* can bisa méré peran anu gedé dina ngaronjatkeun ékonomi masarakat Subang (Rudiono, 2008: 10-11)..

### 3.1.2.3 Pendidikan

Jenjang pendidikan nu aya di Kabupatén Subang geus lengkep, ti mimiti Sakola PAUD (Pendidikan Anak Usia Dini), TK (Taman Kanak-kanak)/Raudhatul Athfal (RA), Sekolah Dasar (SD)/Madrasah Ibtidaiyah (MI), Sekolah Menengah Pertama (SMP)/Madrasah Tsanawiyah (MTs), Sekolah Menengah Atas (SMA)/Sekolah Menengah Kejuruan (SMK)/Madrasah Aliah (MA), jeung paguron luhur.

Di tilik tina pendidikan, taun 2002 aya 12, 17% warga Subang anu buta aksara jeung rata-rata lila sakolana 6,17 taun. Ieu hal némbongkeun yén pendidikan di Kabupatén Subang masih handap jeung masih aya penduduk anu teu tamat *Sekolah Dasar (SD)* sarta aya nu teu sakola samasakali (Rudiono, 2008:16).

### 3.1.3 Kaayaan Sosial Budaya

#### 3.1.3.1 Agama jeung Kapercayaan

Agama anu aya di Kabupatén Subang nya éta agama Islam jeung agama kristén. Masarakat kabupatén Subang lolobana ngagem agama Islam. Ieu hal katitén tina wangunan masjid nu aya di unggal daérah. Lian wangunan masjid, aya ogé tempat ibadah séjénna nya éta geréja. Ieu hal némbongkeun yén masarakat Subang aya nu ngagem agama Kristen.

#### 3.1.3.2 Basa

Kabupatén Subang ngawengku tilu étnis, nya éta Sunda, Jawa, jeung Cina. Basa anu dipaké ku étnis Sunda umumna nya éta basa Sunda. Basa Sunda dipaké di masarakat anu perenahna di daérah pagunungan nya éta Kacamatan Jalancagak, Sagalahérang, Cisalak, Tanjungsari, Kasomalang, Ciater, Cijambé, Subang kota, jeung Sérang Panjang. Masarakat anu maké penutur basa Sunda leuwih loba dibandingkeun jeung étnis séjénna, lantaran masarakat Subang lolobana étnis Sunda. Basa anu dipaké di Kabupatén Subang nya éta basa Sunda jeung basa Indonésia. Lian ti basa Sunda jeung basa Indonésia, aya ogé basa Jawa anu dipaké ku étnis Jawa. Étnis Jawa mangrupa masarakat keturunan Mataram anu

cicingna di daérah kalér. Étnis Jawa mangrupa *blasteran* Banten jeung Cirebon. Basa anu dipakéna nya éta basa Jawa, Banten, jeung Cirebon (Rudiono, 2008:15).

### 3.2 Sumber Data Panalungtikan


Sumber data panalungtikan nya éta subjék data anu ditalungtik. Sacara gurat badagna, sumber data ngawengku tilu rupa, nya éta: jalma (*person*), tempat (*place*), jeung kertas atawa dokumén (*paper*).

- 1) Jalma (*person*), nya éta sumber data nu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis tina angkét;
- 2) Tempat (*place*), nya éta sumber data nu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Kaayaan cicing jeung gerak mangrupa objék pikeun métode obsérvasi;
- 3) Kertas atawa dokumén (*paper*), nya éta sumber data nu mangrupa tanda-tanda hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjén. Dokumén mangrupa objék pikeun métode dokuméntasi (Arikunto, 2010: 172).

Luyu jeung pedaran di luhur, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta sumber data ti seniman gembyung, hasil rekaman tina pintonan kasenian gembyung, jeung data ti masarakat sabudeureun. Kasenian gembyung nu aya di Kabupatén Subang aya sababaraha grup, nya éta: 1) *Dangiang Joglo* di Désa Cicadas, 2) *Gembyung Buhun* di Désa Parakan Muncang, 3) *Asih Katresna* di Désa Pagadén, 4) *Galuh* di Désa Mayang, 5) *Gembyung buhun* di Désa Banceuy, jeung 6) *Gembyung Buhun Dangiang Dongdo* di Kalurahan Dangdeur Kabupatén Subang. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta grup *Kasenian Gembyung Buhun Dangiang Dongdo Subang*.

### 3.3 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa prosés panalungtikan nu mangrupa studi pustaka, obsérvasi, ngumpulkeun data, ngolah data, jeung nyieun laporan panalungtikan.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan



### 3.4 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nya éta cara anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Méthodena mangrupa angkét, wawancara, pengamatan atawa observasi, tés, jeung dokuméntasi (Arikunto, 2010: 203).

Méthode panalungtikan mangrupa cara atawa kagiatan panalungtikan anu didadasaran ku asumsi dasar, pamadegan-pamadegan filosofis jeung ideologis, patalékan jeung isu anu aya. Méthode panalungtikan boga rarancang panalungtikan (*research design*) nu tangtu (Sukmadinata, 2012: 52).

Méthode analisis data kabagi jadi dua, nya éta méthodé analisis kuantitatif jeung méthode kualitatif. Méthode kuantitatif eusina medar data panalungtikan nu basajan, mangrupa kajadian-kajadian *monovarian*. Ku kituna teu bisa disusun maké struktur klasifikasi. Méthode kualitatif sifatna *multivarian* jeung babari disusun dina wangun struktur klasifikasi. Méthode nu rék dipaké dina panalungtikan gumantung kana variabel nu ditalungtikna (Fathoni, 2006: 113).

Méthode analisis nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta méthode kualitatif lantaran hasilna mangrupa wangun tinulis jeung lisan tina tingkah polah jalma-jalma anu ditalungtik. Ieu hal luyu jeung pamadegan Bogdan jeung Taylor (dina Muhammad, 2011: 19) nu nétélakeun yén panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan nu hasilna data déskriptif mangrupa kekecapan tinulis atawa lisan tina tingkah polah jalma-jalma anu ditalungtik.

Panalungtikan kualitatif nurutkeun Sukmadinata (2012: 60) nya éta panalungtikan anu ditujukeun pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis *fenomena*, kajadian, *aktivitas sosial*, sikep, kapercayaan, persépsi, jeung pamikiran manusa sacara individu atawa kelompok. Méthode panalungtikan kualitatif nurutkeun Sugiono (2009: 15) nya éta méthode panalungtikan nu didadasaran ku filsafat *postpositivisme* nu dipaké pikeun nalungtik kaayaan objék jeung alamiah. Méthode panalungtikan kuantitatif ngawengku panalungtik salaku instrumén konci, nyokot sumber data sacara *purposive* jeung *snowball*, téknik ngumpulkeun data ku cara *triangulasi* (gabungan), analisis data sipatna induktif/kualitatif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih museur kana harti tibatan *generalisasi*.

Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta panalungtikan déskriptif. Panalungtikan déskriptif nya éta panalungtikan anu dilakukeun pikeun mariksa jeung ngukur *gejala* nu tangtu. Dina ieu panalungtikan, landasan tiori dibutuhkeun tapi teu digunakeun salaku dasar pikeun nangtukeun kritéria pengukuran kana gejala anu ditalungtik (Fathoni, 2006:97).

Nurutkeun Suyatna (2002: 14), métode panalungtikan déskriptif nya éta panalungtikan anu di jerona ngawengku akumulasi data dasar ku cara déskriptif, euweuh uji hipotésis, teu nyieun ramalan/prédiksi, jeung teu nyangking ma'na implikasi. Tujuan panalungtikan déskriptif nya éta nyieun gambaran sacara sistematis, *faktual*, jeung *akurat* ngeunaan fakta-fakta sarta sipat-sipat populasi di daérah nu tangtu. Métode panalungtikan nu cocog pikeun dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif lantaran luyu jeung tujuan panalungtikan.

Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun ajén éstétika nu aya dina kasenian gembyung. Ieu panalungtikan museur kana prak-prakanna, unsur-unsur seni dina kasenian gembyung, jeung kasenian gembyung dipaké pikeun rarancang bahan pangajaran maca di SMA kelas XII.

### 3.5 Wangenan Operasional

Wangenan operasional nya éta nerjemahkeun unggal *variabel* dumasar kritéria kabutuhan *observasi*, *keterukuran*, *kontrol*, jeung *pengetesan berbagai variabel* (Suyatna, 2002: 9). Nuruteun Fathoni (2006: 28), wangenan operasional nya éta:

*“Definisi yang didasarkan atas sifat-sifat hal yang didefinisikan yang dapat diamati (diobservasi) ini penting karena hal yang dapat diamati itu membuka kemungkinan bagi orang lain selain peneliti untuk melakukan hal yang serupa, sehingga apa yang dilakukan oleh peneliti terbuka untuk diuji kembali oleh orang lain.”*

Judul ieu panalungtikan nya éta “Ajén Éstétika Kasenian Gembyung di Kabupatén Subang pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII”. Sangkan aya gambaran, perlu dijéntrékeun wangenan operasional dina ieu panalungtikan, diantaranya:

### 1) **Ajén Éstétis**

Ajén nya éta ukuran pikeun nangtukeun alus atawa henteuna hiji hal ku cara ditalungtik (Kartika jeung Prawira, 2004: 20). Ajen éstétika nya éta cabang élmu filsafat anu museur kana kaéndahan hiji hal. Luyu jeung pamadegan Sumardjo (2000: 33) yén éstétika téh nya éta filsafat ngeunaan kaéndahan, boh anu aya di alam ogé rupa-rupa barang seni hasil jieunan manusa. Ajén éstétis nya éta ajén nu nalungtik ngeunaan kaéndahan.

### 2) **Kasénian Gembyung**

Kasénian gembyung nya éta kasénian tradisional anu waditra utamana mangrupa genjring jeung mintonkeun sora musik tradisional tur sakral. Kasénian gembyung tumuwuh jeung mekar di Kabupatén Subang.

### 3) **Bahan Pangajaran Maca**

Bahan pangajaran nya éta salasahiji komponén sistem pangajaran nu miboga peran penting dina ngabantuan siswa sangkan bisa ngahontal SKKD anu eusina pangaweruh, kaparigelan, sarta sikep atawa ajén nu kudu dipikaweruh ku siswa (Yuniawati, 2012: 37). Maca nurutkeun Hodgson (dina Tarigan, 2008: 7) maca nya éta hiji prosés anu dilakukeun sarta dipaké ku nu maca pikeun meunangkeun pesen, anu baris ditepikeun ku nu nulis ngaliwatan kekecapan atawa basa tinulis. Bahan pangajaran maca nya éta bahan pangajaran nu di jerona ngawengku aspék kaparigelan maca.

## 3.6 **Instrumén Panalungtikan**

Arikunto (2010: 203) nétélakeun yén instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data ngarah pagawéanna bisa lumangsung leuwih gampang jeung hasilna leuwih alus. Dina hartina leuwih taliti, lengkep, jeung sisitematis anu ngajdikeun datana leuwih gampang diolah.

Instrumén panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta pedoman wawancara jeung alat rékam video nu mangrupa kaméra digital jeung kaméra DSLR (Digital Single-Lens Reflex).

### 3.6.1 Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara mangrupa rumusan patalékan anu bakal ditanyakeun ka narasumber nalika prosés wawancara. Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngawawancara para seniman kasenian gembyung buhun Dangiing Dongdo di Kabupatén Subang.

Aya ogé pertanyaan-pertanyaanna nya éta:

- 1) Data narasumber:
  - a) Wasta :
  - b) Umur :
  - c) Jenis kelamin :
  - d) Pakasaban :
  - e) Atikan :
  - f) Padumukan :
- 2) Kumaha asal-usul kasenian gembyung buhun Dangiing Dongdo di Kabupatén Subang?
- 3) Kumaha prak-prakan kasenian gembyung buhun Dangiing Dongdo di Kabupatén Subang téh?
- 4) Naha aya ritual husus saacan prakna ieu kasenian? Saha anu mingpinna?
- 5) Di mana digelarkeunna pintonan kasenian gembyung? Naha di jero atawa di luar ruangan?
- 6) Naha aya komunikasi jeung penonton?
- 7) Naon waé waditra anu dipaké dina kasenian gembyung buhun Dangiing Dongdo?
- 8) Lagu-lagu naon waé nu biasa dipintonkeun dina kasenian gembyung?
- 9) Saha waé seniman nu aya di grup kasenian gembyung buhun Dangiing Dongdo?
- 10) Simbol-simbol naon waé nu aya dina waditra jeung *properti dina* kasenian gembyung buhun Dangiing Dongdo?

- 11) Ajén éstétika naon waé nu aya dina kasenian gembyung buhun Dangiing Dongdo?
- 12) Ti iraha Bapa tiasa kana kasenian gembyung?
- 13) Kumaha prosés *pewarisan* kasenian gembyung salami ieu?
- 14) Naon anu dilakukeun ku Bapa pikeun hirup-huripna kasenian gembyung kapayunna?

### 3.6.2 Alat Rékam Audio

Alat rékam audio nyaéta alat pikeun ngarékam wawancara ngeunaan gembyung. Alat rékam audiona maké kaméra digital jeung kaméra DSLR. Ayana alat rékam audio sangkan data nu dicangking akurat tur jadi dokuméntasi.

## 3.7 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik panalungtikan mangrupa salahiji usaha pikeun néngan hasil panalungtikan maké métode anu tangtu sangkan tujuan panalungtikan bisa kahontal (Suyatna, 2002: 18). Nurutkeun Fathoni (2005: 104), data nya éta informasi anu dicangking ngaliwatan pengukuran-pengukuran anu tangtu pikeun dijadikeun landasan dina nyusun arguméntasi logis jadi fakta. Sedengkeun fakta nya éta kanyataan anu geus diuji bebeneranana sacara émpiris, diantaranya ngaliwatan analisis data. Téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta studi pustaka, obsérvasi, wawancara, sadap rékam jeung studi dokuméntasi.

### 3.7.1 Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka nya éta téhnik ngumpulkeun téori-téori pikeun bahan tulisan sangkan dijadikeun papagon dina ngayakeun panalungtikan (Suyatna, 2002: 19).

### 3.7.2 Obsérvasi

Nurutkeun Fathoni (2006: 104) obsérvasi nya éta téhnik ngumpulkeun data ku cara *mengamati* sarta nyatet hasil tina obsérvasi. Jalma anu ngalakukeun

observasi disebut *pengobservasi (observer)* jeung pihak anu diobservasi disebut *terobservasi (observee)*.

Hal-hal anu kudu diperhatikeun dina ngalaksanakeun observasi nya éta:

- 1) Diarahkeun kana tujuan anu tangtu, lain *spekulatif*, tapi sistematis jeung direncanakeun;
- 2) Nyieun catetan tong ngandelkeun daya inget wungkul;
- 3) Diusahakeun catetanana sacara kuantitatif; jeung
- 4) Hasilna kudu bisa dipariksa deui pikeun diuji bebeneranana.

Téhnik observasi dipaké pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan kasenian gembyung. Gambaran nu dipiharep lian ti kasenianana ogé ngeunaan gambaran sosial masarakatna.

### 3.7.3 Wawancara

Wawancara nya éta téhnik ngumpulkeun data ku cara prosés *tanya jawab* lisan saarah. Hartina patalékan datang ti pihak nu ngawawancara jeung jawaban ti pihak nu diwawancara (Fathoni, 2006: 105).

*Interview* dibagi dua nya éta réspodén jeung informan. Réspodén nya éta sumber data primer ngeunaan dirina sorangan salaku objék sasaran panalungtikan. Sedengkeun informan nya éta sumber data sékundér ngeunaan pihak séjénna jeung ngeunaan réspodén. Ku kituna, informan anu dipilih kudu apal kana kaayaan réspodén.

### 3.7.4 Studi Dokuméntasi

Studi dokuméntasi nya éta téhnik ngumpulkeun data ku cara ngulik tulisan-tulisan data pribadi réspodén (Fathoni, 2006: 112). Studi dokuméntasi digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun kumaha prak-prakanana éta panalungtikan, jeung ngadokuméntasikeun naon waé anu ditalungtik ti mimiti nepi ka ahir. Studi dokuméntasi dina ieu panalungtikan diantarana potu, *leftet jrrd*.

### 3.7.5 Sadap Rékam

Sadap rékam mangrupa téhnik dokumentasi *video* anu maké alat rékam kaméra digital jeung kaméra DSLR. Hal ieu dilaksanakeun sangkan data nu dicangking akurat tur jadi dokuméntasi.

### 3.8 Analisis Data

Dina nganalisis data dibutuhkeun kecermatan panalungtik dina ngolah data sangkan data nu dipedar teu salah sarta luyu jeung kaayaan nu aya di lapangan. Panalungtik dipiharep bisa nganalisis data sacara objéktif, teu meunang dimanipulasi. Suyatna (2002: 25) nyebutkeun gurat badag analisis data ngawengku opat hal nya éta:

- 1) Mariksa jeung milih data nu asup. Data nu geus dikumpulkeun dipilih jeung dipariksa deui sangkan luyu jeung pedaran nu bakal ditepikeun. Data nu dipariksa nya éta kalengkepan idéntitas narasumber jeung hasil wawancara sarta hasil dokuméntasi. Jadi di mana aya kakurangan jeung aya data nu teu dibutuhkeun bisa gancang katitén.
- 2) Klasifikasi data. Hartina ngelompokkeun data atawa milah-milah data nu kakumpul dumasar kana data kualitatif, instrumén nu dipaké (kaméra *digital* jeung pedoman wawancara), jeung tujuan panalungtikan nu hayang dihontal.
- 3) Tabulasi data, nya éta ngalaporkeun sakabéh data dina wangun tabél. Data dicangking tina hasil studi pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung studi dokuméntasi.
- 4) Téknik analisis. Sacara gurat badag téknik analisis data kabagi dua, nya éta analisis statistik jeung analisis nonstatistik. Dina ieu panalungtikan téknik analisis data nu dipakéna nya éta nonstatistik.

Data nu geus dikumpulkeun tina hasil panalungtikan, satuluyna dianalisis maké métode déskriptif. Anu didéskrupsikeunana nya éta déskripsi umum wewengkon Kabupatén Subang, prak-prakan kasenian gembyung, unsur-unsur seni dina gembyung, sajarah ayana kasenian gembyung Dangiing Dongdo, Ajén éstétika nu nyampak dina kasenian gembyung jeung ajén éstétika kasenian gembyung pikeun rarancang bahan pangajaran maca di SMA kelas XII.

